

**DAYANE MEDIA AUDIOVISUAL SLIDE BERSUARA TUMRAP UNDHAKING KAWASISAN
NGAPRESIASI CRITA RAKYAT SISWA KELAS VIII SMP N 4 NGAWI TAUN AJARAN 2012-
2013**

Erlasari Septia Gerbiana

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA, (erla_gerbiana@yahoo.com)

Abstrak

Kawasiswa nyemak diwulangake ing kelas VIII semester ganep. Standar Kompetensine yaiku *memahami unsur intrinsik cerita fiksi*. Kompetensi Dasare yaiku *menjelaskan tema, penokohan, alur, latar, dan amanat yang ada di dalam cerita fiksi*. Ing pasinaon iki nuduhake manawa bijine siswa SMP N 4 Ngawi isih kagolong endhek lan kurang saka KKM sing ditetepake dening sekolah, yaiku 75. Kahanan kang kaya mangkono dikuwatake saka asile pre-test sing nuduhake yen luwih saka 70% bijine siswa kurang saka KKM. Panaliten iki ditindakake amarga ing pasinaon ngapresiasi siswa mrelokake pemahaman kang luwih dhuwur tinimbang aspek liyane.

Underan saka panaliten iki, yaiku (1) Kepriye asiling pasinaon ngapresiasi crita rakyat kanthi nggunakake *media slide bersuara* tumrap siswa kelas VIII SMP N 4 Ngawi?; (2) Kepriye asiling pasinaon ngapresiasi crita rakyat tanpa nggunakake *media slide bersuara* tumrap siswa kelas VIII SMP N 4 Ngawi?; (3) Kepriye pengaruh *media slide bersuara* tumrap undhaking kawasiswa ngapresiasi crita rakyat siswa kelas VIII SMP N 4 Ngawi? Tujuwan saka panaliten iki, yaiku (1) Nemokake lan ngandharake asiling piwulangan ngapresiasi crita rakyat kanthi nggunakake *media slide bersuara* tumrap siswa kelas VIII SMP N 4 Ngawi; (2) Nemokake lan ngandharake asiling piwulangan ngapresiasi crita rakyat tanpa nggunakake *media slide bersuara* tumrap siswa kelas VIII SMP N 4 Ngawi; (3) Nemokake lan ngandharake dayane *media slide bersuara* tumrap undhaking kawasiswa ngapresiasi crita rakyat siswa kelas VIII SMP N 4 Ngawi.

Panaliten iki uga nuwuhanke sawernaning paedah, yaiku (a) *Kanggo Guru* (1) Guru bisa nglakokake inovasi ing piwulangan basa Jawa, mligine ing piwulangan nyemak; (2) Guru nduweni gambaran anyar yen *media slide bersuara* bisa ngoimalake pasinaon ing kelas amarga kahanan piwulangan sing nyenengake bisa njurung marang asil kang luwih becik; (3) Kanthi pangecakan *media slide bersuara* iki guru bisa meruhi kakurangan lan kaluwihaning guru kasebut nalika menehi materi marang muride; (4) Kanthi pangecakan *media slide bersuara* iki guru bisa meruhi kepriye carane supaya wigatine siswa iku bisa tuwuh marang pasinaon kasebut; (5) Bisa ngundhakake kawruh lan kabisaning guru sajroning pasinaon ngenani basa Jawa. (b) *Kanggo Siswa*. (1) Bisa ngundhakake wigatine siswa marang pasinaon basa Jawa utawa nglatin *konsentrasi* siswa marang piwulangan nyemak; (2) Bisa ngundhakake *motivasi* marang pasinaon basa Jawa mligine piwulangan nyemak; (3) Nglatin daya pangeling-eling ing piwulangan nyemak; (4) Bisa nambah cepet pangertening siswa marang isining crita rakyat; (5) Menehi daya/pengaruh lan semangat tumraping siswa anggone ngundhakake prestasine ing piwulangan basa Jawa, mligine ngapresiasi crita rakyat. (c) *Kanggo Panliti*. (1) Panliti bisa ngembangake sawijining media pamulangan basa Jawa sing durung tau dienggo sadurunge; (2) Panliti bisa mangerten dayane media kasebut marang pamulangan basa Jawa. (d) *Kanggo Pamulangan Basa Jawa*. (1) Kanthi anane panliten kang kaya mangkene pamulangan basa Jawa bisa luwih variatif; (2) Pamulangan basa Jawa dadi luwih mitigatekake.

Panaliten iki kalebu jinising panaliten *kuantitatif eksperimental*. *Desain eksperimen* sing digunakake ing panaliten iki yaiku *Quasi Experimental Design* kanthi wujud *nonequivalent control group design*. Panaliten iki nggunakake telung kelas yaiku kelas VIII A (uji instrumen), kelas VIII D (kelas eksperimen), lan kelas VIII E (kelas kontrol). Teknik pangumpulan data nggunakake wawancara, tes lan dokumentasi. Instrumen panaliten nggunakake RPP, soal tes, lan angket. Kanggo nganalisis data nggunakake rumus t-tes *signifikansi*. Adhedhasar data kang wis diandharake ing pratenungan panaliten, mula dudutan panaliten iki, yaiku: (1) Asiling piwulangan siswa kelas kontrol utawa kelas kang ora nganggo (tanpa) nggunakake media audiovisual "slide bersuara" kagolong luwih endhek tinimbang kelas eksperimen utawa kelas sing nggunakake media audiovisual "slide bersuara". Kahanan kasebut bisa katon saka t-tes signifikansi efektivitas media piwulangan ing *uji coba 1 pre-test* lan *post-test* yaiku t_{hitung} (kelas kontrol) = -6,24 dene ing *uji coba 2 pre-test* lan *post-test* t_{hitung} (kelas kontrol) = -2,59; (2) Asiling *uji coba* ing kelas eksperimen utawa kelas sing nggunakake media audiovisual "slide bersuara" *uji coba 1 pre-test* lan *post-test* t_{hitung} (kelas eksperimen) = 5,81 dene ing *uji coba 2 pre-test* lan *post-test* t_{hitung} (kelas eksperimen) = 5,59. Dudutan saka andharan iki, yaiku asil piwulangan ing *uji coba 1* lan *uji coba 2* kelas eksperimen luwih apik tinimbang kelas kontrol; (3) Media audiovisual "slide bersuara" nduweni daya kanggo ngundhakake kawasiswa siswa ngapresiasi crita rakyat. Bab kuwi bisa kadeleng saka asiling t-signifikansi, yaiku saka biji t-tes signifikansi ing *uji coba 1* $t_{hitung} = 5,48 > t_{tabel} (0,05db = 66) = 1,669$, dene ing panaliten 2 $t_{hitung} = 5,64 > t_{tabel} (0,05db = 66) = 1,669$.

Andharan ngenani ranah afektif sing nyakup *perilaku berkarakter* lan *keterampilan sosial* uga diandharake ing kene. Andharane nyakup kelas eksperimen lan kelas kontrol. Andharan iki digunakake kanggo

mangerten iasil pasinaon sing awujud afektif. Sing pungkasan yaiku andharan ngenani data angket. Data angket iki mujudake data kanggo njangkepi asiling *uji coba*. Sajrone angket ana 10 pitakonan sing isine kanggo mengerten respon siswa tumrap pangetrapane media audiovisual *slide bersuara* lan mangerten *efektivitas* media audiovisual *slide bersuara* ing piwulangan ngapresiasi crita rakyat.

Adhedhasar andharan saka *efektivitas* piwulangan, uji *t-signifikansi*, lan asil angket ing ndhuur bisa didudut yen media audiovisual *slide bersuara* iki nduweni daya tumrap piwulangan ngapresiasi crita rakyat kelas VIII SMPN 4 Ngawi.

Tembung wigati : kawasian nyemak, *uji coba*, media audiovisual *slide bersuara* .

A. PURWAKA

Pendhidhikan kuwi wigati banget kanggo sangu ing urip bebrayan. Kabeh pawongan urip ing donya mesthi kepingin uripe mulya. Supaya bisa kaya mangkono mula kabeh pawongan kudu nduweni kapinteran kang cukup kanggo sangu urip. Kapinteran kasebut bisa diudi lumantar pendhidhikan. Pendhidhikan bisa digayuh kanthi cara, yaiku 1) *formal*, yaiku sawijining cara nggayuh pendhidhikan lumantar lembaga-lembaga *formal* utawa sing wis nduweni status sing sah miturut hukum. Ing pendhidhikan *formal* iki apa sing bakal disinaoni wis dijadwal lan ditata saengga bisa luwih gampang anggone nampa ilmu. 2) *Nonformal*, yaiku sawijining cara antuk ilmu kanthi cara utawa liwat lembaga-lembaga sing dibangun dening masyarakat sing nduweni rasa pedhuli marang ndonyaning pendhidhikan. Lembaga iki biasane dianakake dening swasta. 3) *informal*, yaiku nggayuh pendhidhikan dudu lumantar lembaga-lembaga sing ana masyarakat, ananging lumantar kulawargane dhewe. Kanthi pendhidhikan kabeh pawongan uripe bisa tansaya becik lan mulya. Anggone nggolek pendhidhikan kuwi ora ana watesane kapan lan panggonane. Kapan wae lan ing ngendi wae kabeh pawongan bisa ngudi kapinteran. Saiki jaman tansaya maju, pawongan kudu bisa anut ombyake kemajuane jaman. Mula saka iku, pawongan mrelokake anane pendhidhikan. Ing kene mligine pendhidhikan *formal* sing bisa digayuh lumantar sekolah-an-sekolahan.

Pendhidhikan *formal* kuwi bisa digayuh lumantar sekolah-an-sekolahan. Sekolah-an dhewe nduweni tingkattingkatan dhewe miturut umur lan kabisane manungsa. Ing kene ana TK, SD, SMP, lan SMA lan kang sadrajat. Ing pawiyatan SMP kuwi ana piwulangan kang maneka warna. Salah sijine yaiku piwulangan Basa Jawa. Ing Propinsi Jawa Timur piwulangan Basa Jawa dadi salah sawijining piwulangan kang kalebu muatan lokal. Piwulangan Basa Jawa iki dianakake sepisan ing saben minggune kanthi bobot wektu 80 menit utawa rong jam pasinaon. Sing disinaoni ana ing piwulangan basa Jawa iki maneka warna. Miturut Prianggawidagda (2002:133) tujuwane nyinaoni basa yaiku bisa mujudake patang (4)

jinis kawasian basa, yaiku nyemak, micara, maca, lan nulis. Piwulangan basa Jawa ing SMP uga ngetrapake patang *aspek* kasebut. Gegayutan marang panemu kasebut sajroning piwulangan basa Daerah ditulisake manawa bab sing disinaoni sajroning piwulangan basa Daerah kuwi kalebu kawasian bab basa lan sastra. Saben kawasian kuwi mau nduweni gegayutan antarane siji lan sijine. Kayadene *aspek* nyemak bisa digandhengake karo wicara utawa nulis. Sawise nyemak siswa bisa diwenehi tugas nulis apa sing wis disemak banjur diwacakake ing ngarep kelas.

Kawasian nyemak kuwi diprelokake banget kanggo para siswa nalika sinau. Ora mung nalika sinau, ananging uga nalika srawung karo kanca-kancane. Nalika siswa lagi cecaturan utawa crita bab samubarang utawa lagi nonton sawijining pagelaran uga diprelokake kawasian nyemak sing becik. Miturut Tarigan (1987:115) nyemak kuwi diprelokake banget lan bisa menehi kauntungan sing maneka warna yen wong sing nyemak bisa *selektif* anggone milih bahan sing disemak. Tarkadhang wong bisa lali yen nyemak kuwi wigati banget kanggone pawongan. Wis kabukten manawa kaluputan nalika nyemak kuwi bisa nuuhake karugen kanggone sing nyemak. Piwulangan nyemak dhewe ana maneka warna, salah sijine yaiku nyemak sastra. Sastra ing kene uga maneka warna, ana novel, cerkak, cermis, carita rakyat, geguritan, lan sapanunggalane.

Kurikulum Mulok Basa Jawa taun 2008 kanggo kelas VIII semester ganep ngenani kawasian nyemak, Standar Kompetensine yaiku *memahami unsur intrinsik cerita fiksi*, lan Kompetensi Dasare yaiku *menjelaskan tema, penokohan, alur, latar, dan amanat yang ada di dalam cerita fiksi*. Ing kene crita fiksi sing dijupuk yaiku crita rakyat. Ing materi nyemak iki guru ngrekadaya supaya materi sing diandharake bisa ditampa kanthi becik dening para siswa. Mula saka kuwi guru nganakake inovasi-inovasi kanthi pangangkah supaya siswa-siswa dadi luwih gampang anggone nampa materi piwulangan. Inovasi-inovasi kasebut kalebu ana ing babagan media.

Piwulangan kanthi media bisa ndadekake siswa rumangsa luwih seneng lan ora aras-arasen sinau ana ing

kelas. Apa maneh KTSP Mulok Basa Jawa ing Jawa Timur iki ngajab supaya siswa bisa luwih aktif ing njero kelas. Guru kudune bisa dadi panggonane siswa kanggo njaluk wewarah kang nuduhake dalam kango siswa sajroning pasinaon uga minangka *fasilitator* kang mbiyantu karuwetane siswa. Media piwulangan iki nduweni fungsi kang wigati ing donyane piwulangan. Media piwulangan kuwi wujude werna-werna, ana media *visual* (gambar), *audio* (swara), lan *audiovisual* (swara lan gambar). Ing kene panliti milih media *audiovisual*.

Media *audiovisual* iki disenengi siswa amarga saliyane ditayangake lumantar gambar, uga ana swara sing ngiringi ing gambar kasebut. Dadi siswa bisa mangerteni kanthi jero apa sing dimaksudake ana ing tayangan kasebut. Panliti milih *Media Audiovisual Slide Bersuara*. *Media* iki nduweni kaluwihan-kaluwihan saka aspek *kognitif*, *afektif*, lan *psikomotor*. Kaluwihan saka segi *kognitif*, yaiku siswa dituntun kango ngapresiasi unsur intrinsik crita rakyat. Pangajabe supaya siswa bisa mangerteni unsur *intrinsik* crita rakyat kasebut. Kaluwihan saka segi *afektif* yaiku siswa nggatekake crita rakyat sing disemak lan apa sing diterangake guru. Dene saka segi *psikomotor* yaiku siswa dituntut aktif anggone sinau kanthi pangajab supaya anggone ngapresiasi crita rakyat bisa luwih becik.

Ing panliten eksperimen iki sing ditliti yaiku kawasiswa siswa klas VIII SMP N 4 Ngawi sajroning nemtokake unsur *intrinsik* crita rakyat lumantar *media audiovisual slide bersuara*. Mula saka kuwi irah-irahane panliten iki **"Dayane Media Audiovisual Slide Bersuara Tumrap Undhaking Kawasiswa Ngapresiasi Crita Rakyat Siswa Kelas VIII SMP N 4 Ngawi" Taun Ajaran 2012/2013**. Asiling pasinaon nganggo media iki bakal ditandhingake karo asiling pasinaon tanpa nganggo *media slide bersuara*, saengga bisa dideleg pangaribawane *media slide bersuara* tumrap undhak-undhakaning kawasiswa ngapresiasi crita rakyat.

Panliti nggunakake media piwulangan *slide bersuara* amarga kango ngimbangi kamajuwaning IPTEKS, mligine teknologi informasi. Ing jaman saiki sarana informasi kuwi akeh banget wujude. Ana sing awujud cetak lan ana sing ditayangake. Bocah-bocah jaman saiki kuwi ora bisa uwal karo bab IPTEKS. Saben dina bocah-bocah mesthi ngadhepi samubarang sing ana sesambungane karo IPTEKS, tuladhané yaiku televisi. Nonton televisi kuwi wis dadi pakulinane bocah-bocah jaman saiki. Saka televisi kuwi bocah-bocah bisa antuk informasi kang maneka warna, salah sijine yaiku ngenani carita rakyat sing ditayangake ana sing sawijining saluran televisi. Saka pakulinan kaya mangkono kuwi panliti nganakake sawijining inovasi ing babagan media *audiovisual* yaiku media swara sing digabung karo media gambar sing awujud slide. Media gambar kuwi gunane

kanggo nyethakake apa sing dijelasake lumantar swara. Saliyane sebab kasebut, panliten iki dianakake amarga ing panliten sadurunge sangertina durung ana sing nganggo media kasebut. Mula supaya mangerteni apa pengaruhe media kasebut marang piwulangan basa Jawa panliten kanthi media kasebut kudu ditindakake. Panliten iki mujudake panliten kang kapisan ana ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FBS Unesa. Panliten iki uga nduweni pangajab supaya media sing digunakake bisa kango sarana piwulangan kang nuwuhake greget lan motivasine siswa tumrap piwulangan basa Jawa, mligine piwulangan nyemak carita rakyat.

Kawasiswa nyemak kuwi salah sawijining kawasiswa basa sing sipate *reseptif* (Iskandarwassid, 2008: 227). Kawasiswa iki minangka kagiyatan siswa sing paling asring dilakoni tinimbang kawasiswa sing liyane, amarga ing saben piwulangan kudu nggunakake kawasiswa nyemak kango mangerteni materi sing bakal diwenehake. Nyemak munjerake kawasisane panca ndriya pangrungan lan pangeling – eling.

Adhedhasar pangerten lan tujuwane nyemak, bisa didudut manawa nyemak kuwi nduweni tujuwan kango ngasilake informasi kango menehi tanggapan utawa *respon* tumrap sakabehe sing diucapake. Tujuwan nyemak ing panaliten iki adhedhasar SK: *memahami perangan intrinsik cerita fiksi*, lan KD: *menjelaskan tema, penokohan, alur, latar, dan amanat yang ada di dalam cerita fiksi*. (Tim Penyusun KTSP, 2008:9). Materi nyemak ing piwulangan basa Jawa ing klas VIII semester 2 SMP yaiku ngapresiasi sakabehe wacana sastra utawa crita fiksi. Ing kene bakal digunakake piwulangan crita rakyat.

Panaliten iki bakal nggunakake teori apresiasine Squire lan Tababa mligine ing perangan *kognitif* kango mangerteni perangan – perangan intrinsik sastra. Tata carane ngapresiasi crita ing panaliten iki, yaiku (1) siswa nyemak crita sing bakal diapresiasi, (2) siswa mangerteni apa sing dicritakake ing crita kasebut, (3) siswa mangerteni gegayutané antarane apa sing dicritakake kanthi cara mangerteni perangan – perangan *intrinsik*, yaiku tema, paraga, alur, latar, *sudut pandang*, lan amanat, lan (4) siswa bisa nemokake relevansi crita kasebut tumrap panguripan ing jaman saiki.

B. METODHE

Metode panaliten yaiku cara kango digunakake dening panulis kango nliti lan nglumpukake data (Arikunto, 2006:150). Metode kango digunakake kudu salaras lan pas karo panalitene. Sajroning bab iki bakal diandharake *ancangan panaliten*, *sumber data lan data*, *teknik pengumpulan data*, *teknik analisis data*, lan *prosedur panaliten*. Babagan kasebut bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

Paneliten eksperimental iki nggunakake jinis *Quasi Eksperiment* yaiku minangka jinising eksperimen semu sing wis apik amarga anane klompok liyan sing ora dikenani eksperimen nanging uga melu diamati dening panulis (Arikunto, 2006:86). Sugiyono (2010:48) ngandharake manawa wujuding eksperimen iki minangka pangrembakaning eksperimen sing awujud *True Experimental Design*. *Quasi Experimental Design* iki digunakake amarga angel kanggo nemokake kelompok kontrol sing bisa digunakake kanggo paneliten.

Desain eksperimen sing digunakake ing paneliten iki yaiku *Quasi Eksperimental Design* kanthi wujud *nonequivalent control group design* kanthi dhasar kaya ing ngisor iki:

$$\begin{array}{ccc} E = O_1 & O_2 \\ & X \\ K = O_3 & O_4 \end{array}$$

. Sampel paneliten iki yaiku:

- 1) Klompok eksperimen, klas sing piwulangane nggunakake media *audiovisual* “slide bersuara”, yaiku klas VIIID, sing dumadi saka 34 siswa.
- 2) Klompok kontrol, klas sing piwulangane ora nggunakake media *audiovisual* “slide bersuara”, yaiku klas VIIIE, sing dumadi saka 34 siswa.
- 3) Kelas Uji Instrumen, yaiku klas kanggo nguji instrumen paneliten sing arupa tes, yaiku klas VIII A

Ing kene instrumen sing digunakake arupa RPP, Soal, lan lembar angket. Instrumen iki digunakake supaya paneliten bisa kalakon kanthi lancar. Dene teknik nglumpukake data ana teknik wawancara, teknik tes, lan teknik dokumentasi. Kanggo nganalisis data sing dilakoni yaiku, nemtokake biji, nemokake reliabilitas instrumen tes, nemokake *t-signifikansi* kelas eksperimen lan kelas kontrol, sing pungkasan yaiku nemokake *t-tes signifikansi*.

C. ANDHARAN

1. Adharan Data *Uji Coba 1* Kelas Eksperimen

Uji coba ing kelas VIIID kang mujudake kelas eksperimen ditindakake tanggal 11 April 2013 jam 07.15 nganti jam 08.35. Andharan data *uji coba* ing kelas eksperimen kuwi nyakup biji *pre-test* lan *post-test* kang nggunakake media *audiovisual* “Slide Bersuara”. Andharan *efektivitas* pamulangan ing kelas eksperimen nyakup andharan biji *perilaku berkarakter* lan *keterampilan sosial*. Andharan jangkepe ana ing ngisor iki.

Piwulangan ing kelas eksperimen iki dianakake kanthi alokasi wektu 2x40 menit. Sadurunge nindakake piwulangan ing kelas eksperimen, luwih dhisik dianakake

pre-test kanthi cara nyemak crita rakyat saka rekaman sing wis disiapake dening guru. Sawise nindakake *pre-test* banjur ditindakake piwulangan yaiku nerangake unsur intrinsik kanthi media *slide bersuara* lan dipungkasi kanthi menehi *post-test*. Andharan data biji *pre-test* diitung kanthi rumus = $\frac{\text{jumlah jawaban benar}}{3} \times 100$ lan *post-test* kanthi rumus = $\frac{\text{jumlah jawaban benar A} + \text{jumlah jawaban benar B}}{\text{jumlah jawaban benar A} + \text{jumlah jawaban benar B}} \times 100$.

DATA BIJI PRE-TEST LAN POST TEST KELAS EKSPERIMEN (UJI COBA 1)

NO	JENENG	BIJI PRE-TEST	BIJI POST-TEST
1	ABDUL AZIZ	23	84
2	AGUNG SETYA P.	70	94
3	ANDREAN PRASETYA	73	94
4	ANIS KHOIRUL U.	67	97
5	ARIS DWI S.	87	95
6	AVITA DWI F.	73	88
7	BAGUS SETIAWAN	73	95
8	BAYU WIJAYA	60	35
9	CANDRA IRAWAN	23	83
10	DANIK INDARTI	70	99
11	DEVA SETIAWAN	-	-
12	DIMAS BAYU A.	73	95
13	DINA SEVILLA	67	93
14	DINDA KARTIKA P.	73	93
15	EKO WIDYO UTOMO	60	91
16	ENDAH SETIANA	53	85
17	ERLINA FEBRIYANTI	87	99
18	ERWIN SULISTYOWATI	67	83
19	FEB ARI BIMANTORO	80	95
20	HALIM BUDI M.	70	95
21	HENDRA MEINDA	67	35
22	INDAH DWI PRAMESTI	73	91
23	INGGRIT CINDIANA SP.	83	97
24	LUSIANA FEBRIANTI	60	97
25	MOCH. SAFII	87	95
26	MUKSIN MUSTOPA	-	-
27	NUGROHO WATI	90	95
28	OVA SRI LESTARI	67	85
29	PRETY TYAS	67	93

	BIDARI		
30	RETNO PUTRI Y.	70	90
31	RIDWAN CAHYO N.	90	88
32	RISQI EKO P.	70	90
33	RUSTIKA TANING SIH	67	95
34	TEDI PRAMUDIANTO	80	90

Nalikane *post-test* siswa sing kagolong tuntas ana 30 saka 32 siswa sing melu kagiyatan pamulangan. Ananging ana 2 siswa utawa 5,88% siswa sing isih durung tuntas lan bijine ngalami udhun-udhunan, yaiku Bayu Wijaya sing mulane bijine 60 mudhun dadi 35 lan Hendra Meinda sing mulane bijine 67 mudhun dadi 35. Rata-rata bijine *pre-test* 29,41% tuntas < *post-test* 94,12% utawa 2 siswa sing kagolong durung tuntas. Saben siswa bijine mundhak ana sing signifikan, nanging uga ana 2 siswa utawa 5,88% siswa sing isih durung tuntas lan bijine ngalami udhun-udhunan, yaiku Bayu Wijaya sing mulane bijine 60 mudhun dadi 35 lan Hendra Meinda sing mulane bijine 67 mudhun dadi 35.

Saka kriteria kang wis ditemokake ing *uji coba* kelas eksperimen, nilai t_{hitung} (kelas eksperimen) = 5,81 > $t_{tabel} = 1,692$. Mula saka kuwi bisa didudut yen H_1 ditampa mula H_0 ditolak, ateges pangetrapan media audiovisual “slide bersuara” ing kelas eksperimen kagolong signifikan. Miturut hipotesis sing wis diandharake, ateges media piwulangan yaiku media audiovisual “slide bersuara” bisa ngundhakake kawasian ngapresiasi crita rakyat ing kelas VIII SMP N 4 Ngawi.

2. Andharan Uji Coba 1 Kelas Kontrol

Piwulangan ing kelas kontrol ditindakake kanthi alokasi wektu 2x40 menit. Materi crita sing digunakake uga padha karo ing kelas eksperimen, ananging sing beda ing kene yaiku pangetrapane media. Ing kelas kontrol iki mung nggunakake media rekaman. Sadurunge nindakake piwulangan ing kelas kontrol, panulis luwih dhisik nindakake *pre-test* kanthi cara nyemak crita rakyat saka rekaman sing wis dicepkakake dening guru. Sawise nindakake *pre-test* banjur ditindakake piwulangan yaiku nerangake unsur itnrinsik kanthi media rekaman lan dipungkasi kanthi menehi *post-test*. Andharan data biji *pre-test* *uji coba* diitung kanthi rumus = $\frac{\text{jumlah jawaban benar}}{3} \times 100$ lan *post-test* kanthi rumus = $\frac{\text{jumlah jawaban benar A} + \text{jumlah jawaban benar B}}{2} \times 100$, lan data penskoran *uji coba*.

		PRE-TEST	POST-TEST
1	ANDIKA FARIS P.	77	83
2	BARA SANDI S.	77	67
3	BAYU BINTANG S.	-	-
4	DEI SATRIAWAN	77	78
5	DERIANDA ABDI P.	93	77
6	DESI AVIANA	87	81
7	DESI AYU S.	90	75
8	DEWI RATNA SARI	90	71
9	DIMAS ADITYA PP.	93	80
10	DINDA FITRI KS.	90	71
11	DIQSAL FAHMIANTO A.	90	73
12	DODI PRAKOSO	70	78
13	DWI NILA AGUSTIN	90	81
14	DWI WAHYU P.	80	67
15	EKO BAYU S.	93	78
16	ELFANY ANDRYANTI N.	93	72
17	FITRIA NINGRUM	-	-
18	HESTI RAHMADANI	97	75
19	LINA NURUL H.	97	86
20	MARSONO	80	69
21	NOVITA SARI	97	77
22	NUR CAHYONO	83	80
23	NURJANAH FATIMAH D.	90	72
24	PRASETIYO ANDRI V.	80	78
25	PUJI LESTARI	87	86
26	PUTRA WIJAYA	73	67
27	RISKI TEGUH P.	83	70
28	ROHMI HIDAYATI	83	88
29	ROSITA WIDI W.	-	-
30	TITIK RATNASARI	90	76
31	VIANDIKA EKO P.	80	69
32	WAHYU DANNY S.	63	66
33	WIDYA AYU R.	90	71
34	WISNA SABRINA SL.	87	74

Ing babagan *post-test* ana 14 siswa sing tuntas, kayata Rohmi Hidayati kanthi biji 88, Puji Lestari kanthi biji 86, Prasetyo Andri kanthi biji 78, lan ana saperangan maneh sing tuntas. Rata-rata bijine pretest 85,3% tuntas

DATA BIJI PRE-TEST LAN POST-TEST KELAS KONTROL (UJI COBA 1)

NO	JENENG SISWA	BIJI	BIJI
----	--------------	------	------

> posttest 41% utawa mung 14 siswa sing kagolong tuntas. Miturut tabel ing ndhuwur meh kabeh siswa bijine mudhun kanthi signifikan, ananging uga ana sing bijine mundhak yaiku Rohmi Hidayati antri biji 88. Saka tabel kasebut ana 3 siswa sing bijine 0, siswa kasebut ora mlebu sekolah amarga lara.

Saka kriteria kang wis ditemokake ing *uji coba* kelas kontrol, nilai t_{hitung} (kelas kontrol) = $-6,24 < t_{tabel} = 1,692$. Mula saka kuwi bisa didudut yen H_0 ditampa mula H_1 ditolak, ateges pangetrapan media rekaman ing kelas kontrol kagolong ora ana signifikansi antarane pangetrapane media rekaman karo undhaking kawasisan ngapresiasi crita rakyat. Miturut hipotesis sing wis diandharake, ateges media piwulangan yaiku media rekaman ora bisa ngundhakake kawasisan ngapresiasi crita rakyat ing kelas VIII SMP N 4 Ngawi.

Saka *uji coba* 1 kelas kontrol lan eksperimen, biji dideleng $t_{hitung}=5,48 > t_{tabel} (0,05db = 76) = 1,668$. Asil kuwi nuduhake manawa asiling $t_{hitung} > t_{tabel}$ utawa asiling t-tes signifikansi luwih dhuwur tinimbang tabel. Mula, bisa didudut yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa, ateges asiling *uji coba* ing kelas kontrol lan eksperimen *uji coba* 1 kagolong signifikan. Miturut hipotesis sng wis diandharake, media audiovisual “Slide Bersuara” nduwensi daya tumrap undhaking kawasisan ngapresiasi crita rakyat siswa kelas VIII SMP N 4 Ngawi.

3. Andharan *uji coba* 2 Kelas Eksperimen

Piwulangan ing kelas eksperimen ing *uji coba* 2 iki ora beda karo *uji coba* 1. Ing kene tetep digunakake media audiovisual “Slide Bersuara” kanggo ngundhakake minate siswa marang pamulangan Basa Jawa. Andharan biji *pre-test* lan *post-test* lan data penskoran *pre-test* lan *post-test* *uji coba* diitung kanthi rumus padha kaya ing *uji coba* sakdurunge.

DATA BIJI PRE-TEST LAN POST-TEST KELAS EKSPERIMEN (*UJI COBA* 2)

NO	JENENG	BIJI <i>PRE- TEST</i>	BIJI <i>POST- TEST</i>
1	ABDUL AZIZ	70	84
2	AGUNG SETYA P.	77	76
3	ANDREAN PRASETYA	83	84
4	ANIS KHOIRUL U.	80	94
5	ARIS DWI S.	83	81
6	AVITA DWI F.	77	76
7	BAGUS SETIAWAN	80	79
8	BAYU WIJAYA	73	84
9	CANDRA IRAWAN	77	86
10	DANIK INDARTI	77	96
11	DEVA SETIAWAN	-	-

12	DIMAS BAYU A.	77	82
13	DINA SEVILLA	83	90
14	DINDA KARTIKA P.	83	88
15	EKO WIDYO UTOMO	73	84
16	ENDAH SETIANA	83	92
17	ERLINA FEBRIYANTI	83	90
18	ERWIN SULISTYOWATI	87	88
19	FEB ARI BIMANTORO	77	86
20	HALIM BUDI M.	83	84
21	HENDRA MEINDA	73	83
22	INDAH DWI PRAMESTI	80	96
23	INGGRIT CINDIANA SP.	73	93
24	LUSIANA FEBRIANTI	77	89
25	MOCH. SAFII	83	86
26	MUKSIN MUSTOPA	-	-
27	NUGROHO WATI	97	88
28	OVA SRI LESTARI	90	91
29	PRETY TYAS BIDARI	90	92
30	RETNO PUTRI Y.	83	93
31	RIDWAN CAHYO N.	77	79
32	RISQI EKO P.	73	85
33	RUSTIKA TANING SIH	83	92
34	TEDI PRAMUDIANTO	83	86

Nalika *pre-test* siswa sing durung tuntas, ateges bijine kurang saka KKM cacahé rada akeh yaiku 17,65% utawa ana 6 siswa sing durung tuntas, kayata Risqi Eko, Hendra Meinda, Inggrit Cindiana, Eko Widyo Utomo, Bayu Wijaya, lan Abdul Azis. Ananging nalika *post-test* kabeh siswa wis bisa tuntas. Ing tabel 4.20 katon yen ana undhak-undhakan ing rata-rata bijine siswa sawise ditindakake piwulangan nganggo media audiovisual “Slide Bersuara”.

Saka kriteria kang wis ditemokake ing *uji coba* kelas eksperimen, nilai t_{hitung} (kelas eksperimen) = $5,59 > t_{tabel} = 1,692$. Mula saka kuwi bisa didudut yen H_1 ditampa mula H_0 ditolak, ateges asiling *pre-test* lan *post-test* ing kelas eksperimen kagolong signifikan. Miturut hipotesis sing wis diandharake, ateges media piwulangan yaiku media audiovisual “Slide Bersuara” bisa ngundhakake kawasisan ngapresiasi crita rakyat ing kelas VIII SMP N 4 Ngawi.

4. Andharan Data *Uji coba* Kelas Kontrol

Data *uji coba* 2 ing kelas kontrol iki nyakup 1) asiling tes siswa sadurunge entuk piwulangan (*pre-test*), lan 2) asiling tes siswa sawise diwenehi piwulangan (*post-tes*) nanging tanpa nggunakake media audiovisual “Slide Bersuara”, 3)andharan *efektivitas* pamulangan ing kelas eksperimen, 4) andharan biji *perilaku berkarakter* lan *keterampilan sosial*. *Uji coba* 2 ing kelas kontrol dianakake tanggal 19 April 2013 jam 12.00 nganti jam 13.10. andharane sing luwih cetha ana ing ngisor iki.

**DATA BIJI PRE-TEST LAN POST-TEST KELAS
KONTROL
(*UJI COBA* 2)**

NO	JENENG SISWA	BIJI <i>PRE- TEST</i>	BIJI <i>POST- TEST</i>
1	ANDIKA FARIS P.	93	75
2	BARA SANDI S.	93	76
3	BAYU BINTANG S.	-	-
4	DEI SATRIAWAN	90	65
5	DERIANDA ABDI P.	90	76
6	DESI AVIANA	90	75
7	DESI AYU S.	93	89
8	DEWI RATNA SARI	93	86
9	DIMAS ADITYA PP.	93	78
10	DINDA FITRI KS.	80	73
11	DIQSAL FAHMIANTO A.	90	79
12	DODI PRAKOSO	87	78
13	DWI NILA AGUSTIN	90	81
14	DWI WAHYU P.	83	83
15	EKO BAYU S.	90	75
16	ELFANY ANDRYANTI N.	83	78
17	FITRIA NINGRUM	97	89
18	HESTI RAHMADANI	93	89
19	LINA NURUL H.	97	89
20	MARSONO	97	82
21	NOVITA SARI	97	87
22	NUR CAHYONO	93	78
23	NURJANAH FATIMAH D.	100	86
24	PRASETIYO ANDRI V.	90	77
25	PUJI LESTARI	97	89
26	PUTRA WIJAYA	80	78

27	RISKI TEGUH P.	90	75
28	ROHMI HIDAYATI	93	88
29	ROSITA WIDI W.	90	74
30	TITIK RATNASARI	80	89
31	VIANDIKA EKO P.	90	89
32	WAHYU DANNY S.	57	77
33	WIDYA AYU R.	80	67
34	WISNA SABRINA SL.	97	70

Adhedhasar tabel kasebut, ana saperangan siswa sing ngalami undhak-undhakan biji, yaiku Titik Ratnasari kanthi biji 89 lan Wahyu Danny S. Kanthi biji 77. Rata – rata siswa ing kelas kontrol iki bijine mundhun, ananging senajan mudhun isih kagolong tuntas. Rata-rata bijine *pre-test* 97,06% tuntas > *post-test* 85,29%. Sanajan rata-rata bijine siswa mudhun, ananging bijine isih kagolong tuntas. Saliyane kuwi ana siswa sing ngalami undhak-undhakan yaiku Titik Ratnasari kanthi biji 89 lan Wahyu Danny S. Kanthi biji 77.

Saka kriteria kang wis ditemokake ing *uji coba* kelas kontrol, nilai t_{hitung} (kelas kontrol) = $-2,59 < t_{tabel} = 1,692$. Mula saka kuwi bisa didudut yen H_0 ditampa mula H_1 ditolak, ateges asiling *pre-test* lan *post-test* ing kelas kontrol kagolong ora signifikan. Miturut hipotesis sing wis diandharake, ateges media piwulangan yaiku media rekaman ora bisa ngundhakake kawasian ngapresiasi crita rakyat ing kelas VIII SMP N 4 Ngawi.

Saka *uji coba* 2 kelas kontrol lan eksperimen, biji dideleng $t_{hitung}=5,64 > t_{tabel} (0,05db = 66) = 1,668$. Ing kene asile asile $t_{hitung} > t_{tabel}$, utawa t-tes signifikansi luwih dhuwur tinimbang tabel. Mula, bisa didudut yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa, ateges asiling *uji coba* ing kelas kontrol lan eksperimen *uji coba* 1 kagolong signifikan. Miturut hipotesis sing wis diandharake, media audiovisual “Slide Bersuara” nduweni daya tumrap undhaking kawasian ngapresiasi crita rakyat siswa kelas VIII SMP N 4 Ngawi.

5. Andharan Pambiji Ranah Afektif

Andharan ngenani ranah afektif sing nyakup *perilaku berkarakter* lan *keterampilan sosial* uga diandharake ing kene. Andharane nyakup kelas eksperimen lan kelas kontrol. Andharan iki digunakake kanggo mangerteni asil pasinaon sing awujud afektif.

Saliyane andharan ngenani biji *pre-test* lan *post-test*, panliti uga ngandharake ngenani pambiji ing ranah afektif. Pambiji ing ranah afektif iki nyakup andharan ngenani *perilaku berkarakter* lan *keterampilan sosial*. Manawa kadeleng saka pambiji ing ranah afektif iki, ana bab sing narik kawigaten yaiku pambiji ing kelas kontrol luwih apik tinimbang pambiji ing kelas eksperimen.

Sanajan ta pambiji ing ranah kognitif isih dhuwur kelas eksperimen tinimbang kelas kontrol, ing ranah afektif iki kelas kontrol luwih dhuwur tinimbang kelas eksperimen.

Data *uji coba* 1 ing kelas eksperimen nuduhake bab kaya mangkene, sing sepisanan yaiku ngenani perilaku berkarakter. Adhedhasar KKM bisa diweruhi yen siswa sing wis diarani tuntas ana 26 siswa utawa nduweni persentase $\frac{26}{34} \times 100\% = 70,59\%$. Siswa sing durung bisa diarani tuntas ana 8 siswa utawa nduweni persentase $\frac{8}{34} \times 100\% = 29,41\%$. Saka asil kasebut bisa didudut yen ing *uji coba* 1 kelas eksperimen durung bisa nggayuh katuntasane kelas. Sabanjure ing babagan *keterampilan sosial*, ing kelas eksperimen siswa sing tuntas ana 27 siswa utawa nduweni persentase $\frac{27}{34} \times 100\% = 79,41\%$, dene siswa sing durung tuntas ana 7 siswa utawa nduweni persentase $\frac{7}{34} \times 100\% = 20,59\%$. Saka asil kasebut bisa didudut yen *keterampilan sosial* sing *uji coba* 1 kelas eksperimen durung bisa nggayuh katuntasane kelas.

Ing *uji coba* 1 ing kelas kontrol panliti antuk data kaya mengkene. Sing sepisanan pambiji ngenani perilaku berkarakter. Adhedhasar KKM bisa diweruhi yen siswa sing wis diarani tuntas ana 27 siswa utawa nduweni persentase $\frac{27}{34} \times 100\% = 79,41\%$. Siswa sing durung bisa diarani tuntas ana 7 siswa utawa nduweni persentase $\frac{7}{34} \times 100\% = 20,59\%$. Saka asil kasebut bisa didudut yen ing *uji coba* 1 kelas kontrol durung bisa nggayuh katuntasane kelas. Pambiji ngenani *keterampilan sosial*, siswa sing tuntas ana 30 siswa utawa nduweni persentase $\frac{30}{34} \times 100\% = 88,24\%$, dene siswa sing durung tuntas ana 4 siswa utawa nduweni persentase $\frac{4}{34} \times 100\% = 11,76\%$. Saka asil kasebut bisa didudut yen *keterampilan sosial* sing *uji coba* 1 kelas kontrol durung bisa nggayuh katuntasane kelas.

Ing *uji coba* 2 kelas eksperimen, pambiji ngenani *perilaku berkarakter* bisa dideleng kaya mangkene. Adhedhasar KKM bisa diweruhi yen siswa sing wis diarani tuntas ana 31 siswa utawa nduweni persentase $\frac{31}{34} \times 100\% = 91,18\%$. Jumlah kuwi luwih akeh tinimbang *uji coba* kapisan. Iki nuduhake yen ana undhak-undhakan. Siswa sing durung bisa diarani tuntas ana 8 siswa utawa nduweni persentase $\frac{3}{34} \times 100\% = 8,82\%$. Saka asil kasebut bisa didudut yen ing *uji coba* 2 kelas eksperimen durung bisa nggayuh katuntasane kelas. Dene pambiji ngenani *keterampilan sosial*, siswa sing tuntas ana 32 siswa utawa nduweni persentase $\frac{32}{34} \times 100\% = 94,11\%$, dene siswa sing durung tuntas ana 2 siswa utawa nduweni persentase $\frac{2}{34} \times 100\% = 5,99\%$.

Saka asil kasebut bisa didudut yen *keterampilan sosial* sing *uji coba* 2 kelas eksperimen durung bisa nggayuh katuntasane kelas.

Ing *uji coba* 2 kelas kontrol, pambiji ngenani *perilaku berkarakter* bisa dideleng kaya mangkene. Siswa sing wis diarani tuntas ana 33 siswa utawa nduweni persentase $\frac{33}{34} \times 100\% = 97,06\%$. Siswa sing durung bisa diarani tuntas ana 1 siswa utawa nduweni persentase $\frac{1}{34} \times 100\% = 2,94\%$. Saka asil kasebut bisa didudut yen ing *uji coba* 2 kelas kontrol durung bisa nggayuh katuntasane kelas. Dene ing babagan *keterampilan sosial*, siswa sing tuntas ana 33 siswa utawa nduweni persentase $\frac{33}{34} \times 100\% = 97,06\%$, dene siswa sing durung tuntas ana 1 siswa utawa nduweni persentase $\frac{1}{34} \times 100\% = 2,94\%$. Saka asil kasebut bisa didudut yen *keterampilan sosial* sing *uji coba* 2 kelas kontrol durung bisa nggayuh katuntasane kelas. Gambaran kanthi luwih cetha ngenani ketuntasan ing ranah afektif saka panliten kasebut bisa dideleng saka tabel ing ngisor iki:

**TABEL TANDHINGAN JUMLAH KETUNTASAN
PAMBIJI RANAH AFEKTIF KELAS
EKSPERIMENT LAN KELAS KONTROL**

N O	RANAH AFEKTIF	UJI COB A	KELAS EKSPERIME N	KELAS KONTRO L
1	Perilaku	1	26	27
2	Berkarakter	2	31	33
Jumlah			57	60
3	Keterampila n Sosial	1	27	30
4		2	32	33
Jumlah			59	63

Saka tabel ing ndhuwur, ana sawijining bab sing narik kawigatene panliti ing panliten iki yaiku asling pambiji ranah afektif sing nyakup *perilaku berkarakter* lan *keterampilan sosial* ing kelas kontrol luwih dhuwur tinimbang asling pambiji ing kelas eksperimen. Manawa ing kelas kontrol siswane luwih sopan, luwih anteng, lan luwih aktif tinimbang ing kelas eksperimen. Siswa sing kelas kontrol iki nduweni kecerdasan sosial sing luwih dhuwur tinimbang ing kelas eksperimen. Siswa sing kelas kontrol iki tansah takon marang guru tumrap bab sing dirasa angel lan kurang dimangerten.

Sebab sing liya yaiku pangetrapane media audiovisual “Slide Bersuara”. Ing kelas eksperimen utawa kelas sing nggunakake media, siswa pasif amarga siswa wis paham karo isine crita saengga ora ana pepinginan kanggo diskusi karo kancane lan takon marang guru. Beda karo sing ana ing kelas kontrol, amarga mediane amung arupa rekaman siswa dadi aktif.

Siswa dadi nduweni pepinginan kanggo diskusi karo kancane lan takon marang gurune.

Tuladhané kaya ing *uji coba 1* pambiji rata-rata *keterampilan sosial* ngenani takon ing kelas eksperimen luwih endhek (3,29) tinimbang ing kelas kontrol (3,41). Bab iki bisa mbuktekake manawa pangetrapane *media slide bersuara* kuwi nuwuhake rasa *egois* tumrap siswa. Amarga media kasebut wis diwenehi gambar mula siswa ora prelu takon ngenani kepriye cethane crita kasebut marang guru lan kanca-kancane.

Adhedhasar andharan saka *efektivitas* piwulangan, *uji t-signifikansi*, lan asil angket ing ndhuwur bisa didudut yen media audiovisual “Slide Bersuara” iki nduweni daya tumrap piwulangan ngapresiasi crita rakyat kelas VIII SMPN 4 Ngawi.

D. PANUTUP

1. Dudutan

Adhedhasar kang wis kaandharake sajrone bab 4, mula bisa didudut kaya mangkene:

- a. Asiling piwulangan siswa kelas kontrol utawa kelas kang ora nganggo (tanpa) nggunakake media audiovisual “slide bersuara” kagolong luwih cendhak tinimbang kelas eksperimen utawa kelas sing nggunakake media audiovisual “slide bersuara”. Kahanan kasebut bisa katon saka t-tes signifikansi efektivitas media pamulangan ing *uji coba 1 pre-test* lan *post-test* yaiku t_{hitung} (kelas kontrol) = -6,24 dene ing *uji coba 2 pre-test* lan *post-test* t_{hitung} (kelas kontrol) = -2,59.
- b. Asiling *uji coba* ing kelas eksperimen utawa kelas sing nggunakake media audiovisual “slide bersuara” *uji coba 1 pre-test* lan *post-test* t_{hitung} (kelas eksperimen) = 5,81 dene ing *uji coba 2 pre-test* lan *post-test* t_{hitung} (kelas eksperimen) = 5,59. Dudutan saka andharan iki, yaiku asil piwulangan ing *uji coba 1* lan *uji coba 2* kelas eksperimen luwih apik tinimbang kelas kontrol.
- c. Media audiovisual “slide bersuara” nduweni daya kanggo ngundhakake kawasiswaan siswa ngapresiasi crita rakyat. Bab kuwi bisa kadeleng saka asiling t-signifikansi, yaiku saka biji t-tes signifikansi ing *uji coba 1* $t_{hitung} = 5,48 > t_{tabel}$ ($0,05db = 66$) = 1,669, dene ing panaliten 2 $t_{hitung} = 5,64 > t_{tabel}$ ($0,05db = 66$) = 1,669. Mula bisa didudut yen Media audiovisual “slide bersuara” nduweni daya kanggo ngundhakake kawasiswaan siswa ngapresiasi crita rakyat, mligine crita “Asal-usule Ngawi” kelas VIII SMP N 4 Ngawi.
- d. Asling pambiji ranah afektif sing nyakup perilaku berkarakter lan keterampilan sosial ing

kelas kontrol luwih dhuwur tinimbang asling pambiji ing kelas eksperimen. Manawa ing kelas kontrol siswane luwih sopan, luwih anteng, lan luwih aktif tinimbang ing kelas eksperimen. Siswa ing kelas kontrol iki nduweni kecerdasan sosial sing luwih dhuwur tinimbang ing kelas eksperimen. Siswa ing kelas kontrol iki tansah takon marang guru tumrap bab sing dirasa angel lan kurang dimangertené. Sebab sing liya yaiku pangetrapane media audiovisual “Slide Bersuara”. Ing kelas eksperimen utawa kelas sing nggunakake media, siswa pasif amarga siswa wis paham karo isine crita saengga ora ana pepinginan kanggo diskusi karo kancane lan takon marang guru. Beda karo sing ana ing kelas kontrol, amarga mediane amung arupa rekaman siswa dadi aktif. Siswa dadi nduweni pepinginan kanggo diskusi karo kancane lan takon marang gurune.

2. Pamrayoga

Adhedhasar asiling panliten kanthi irah-irahan *Dayane Media Audiovisual Slide Bersuara Tumrap Undhaking Kawasiswa Ngapresiasi Crita Rakyat Siswa Kelas VIII SMP N 4 Ngawi Taun Ajaran 2012/2013* ngasilake dudutan yen media kasebut bisa ngundhakake kawasiswaan siswa, mligine ing bab ngapresiasi crita rakyat. Mula saka kuwi, media iki bisa didadekake acuan tumrap para guru nalika arep mulang ngapresiasi crita rakyat.

Panganggone metode lan media sing diprelokake tumrpane siswa supaya bisa mbiyantu proses pasinaon lan nggampangake pemahaman. Media audiovisual “Slide Bersuara” uga bisa digunakake ing pasinaon liyane mligine sing nuntut siswa supaya bisa mangertené isine sawijining materi utawa crita utawa tembang kang bakal dirembug. Ananging, guru kudu bisa ngetrapake media kasebut cundhuk karo materine.

Kanggo panliten kang bakal kaleksanan sabanjure, sajrone piwulangan Basa Jawa guru ora mung siji-sijine punjering informasi tumrap siswa saengga siswa bisa ngantukake informasi-informasi sing nyengkuyung pamahamané saka buku utawa wacan sing cundhuk karo ancane pasinaon sing kepingin digayuh. Apa maneh IPTEKS sing sangsaya ngrembaka iki bisa luwih nggampangake siswa anggone golek informasi ngenani materi sing diprelokake.

Panaliten ngenani *Dayane Media Audiovisual Slide Bersuara Tumrap Undhaking Kawasiswa Ngapresiasi Crita Rakyat Siswa Kelas VIII SMP N 4 Ngawi Taun Ajaran 2012/2013* isih adoh saka tembung sampurna, mula panulis ngajab anane panliten sabanjure sing luwih apik, variatif, lan inovatif supaya piwulangan Basa Jawa dadi luwih ngrembaka lan gampang dimangertené siswa.

KAPUSTAKAN

- Alwi, Hasan, dkk. 2002. *KBBI*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Aminudin. 2002. *Pengembangan Kualitatif dalam Bidang Bahasa dan Sastra*. Malang: Yayasan Asah Asih Asuh.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Arsyad, Ashar. 2007. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Azwar, Syarifudin. 2007. *Metode Penelitian*. Yogyakarta: Putaka Pelajar.
- Budiningsih, Asri. 2002. *Belajar dan Pembelajaran*. Jakarta .PT Rineka Cipta.
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia: Ilmu, Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Grafiti Pers.
- Djamarah, dkk. 1997. *Strategi Belajar Mengajar*. Jakarta:Rineka Cipta.
- Djoko, Saryono. 2009. *Fungsi Apresiasi Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Furchan, Arief. 1982. *Pengantar Penelitian dalam Pendidikan*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Hakim, Titik D. R. 2007. *Penerapan Media Audiovisual pada Pembelajaran Drama Berbasis Teori Kecerdasan Majemuk Siswa Kelas XI IPS SMA N 1 Surabaya Tahun Pelajaran 2007-2008*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: JBSI Unesa.
- I. Djumhur & Drs. Moh. Surya. 1985. *Bimbingan dan Penyuluhan di Sekolah*. Bandung: CV. Ilmu.
- Ice, Sutari, dkk. 1997. *Menyimak*. Jakarta: Depdikbud.
- Indarti, Titik. 2006. *Memahami Drama Sebagai Teks Sastra dan Pertunjukan*. Surabaya : Unesa University Press.
- Iskandar Wasid dan Sunendar, Dadang. 2008. *Strategi Pembelajaran Bahasa*. Bandung: Rosda Karya.
- Kosasih, E. 2003. *Kompetensi Ketatabahasaan dan Kesusastraan*. Bandung: Yrama Widya.
- Lincoln, Y.S. & Guba, E.G. 1985. *Naturalistic Inquiry*. Beverly Hills: Sage Publications.
- Mulyasa. 2008. *KTSP*. Bandung: Rosda Karya.
- Nana, Syaodih Sukmadinata. 2009. *Metode Penelitian dan Penilaian Pendidikan*. Bandung: Remaja Rosda Karya.
- Najid, Moh. 2003. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Ninggar, Dwi. 2011. *Powerpoint 2010 untuk Orang Awam*. Palembang: Maxikom.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2002. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Pitaloka, Leny Dyah. 2010. *Dayaning Media Gambar Tumrap Piwulangan Nulis Tembang Macapat Siswa Kelas VIII SMP Negeri 2 Sumbergempol Taun Ajaran 2009/2010*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya. JBSD Unesa.
- Prawiranegara, RM.Yunani. 2007. *Cerita Takyat Ngawi*. Jakarta: Grasindo.
- Prianggawidagda, Suwarna. 2002. *Strategi Penguasaan Berbahasa*. Yogyakarta: Adicita Karya Nusa.
- Riduwan. 2002. *Belajar Mudah Penelitian untuk Guru dan Peneliti Pemula*. Bandung : Alfabetia.
- Santosa, Puji. 2008. *Menggapai Singgasana*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Sudarmanto. 2009. *KBJ*. Semarang: Widya Karya.
- Sudjana. 1991. *Penilaian Hasil Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Sugiyono. 2010. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Suharto, G. 1988. *Metodologi Penelitian Dalam Pendidikan Bahasa Suatu Pengantar*. Jakarta: Depdikbud.
- Sukada. 1985. *Teori Pengkajian Sastra*. Bandung: Rosda Karya.
- Supriyono, Widdodo, Abu Ahmadi. 2006. *Psikologi Belajar (Edisi Revisi)*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Suryabrata, Sumadi. 1984. *Psikologi Pendidikan*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Sutari,I. 1997. *Dasar-dasar Kemampuan Menulis*. Bandung:FPBS IKIP.
- Tarigan, Henry Guntur. 1987. *Menyimak Sebagai Suatu Ketrampilan*. Bandung: Angkasa.
- Utami, Putri Budyaningrah. 2009. *Pengaruh Penggunaan Media Audiovisual Terhadap Peningkatan Hasil Belajar Menyimak Drama Siswa Kelas IX A SMP N 2 Kras Kediri Tahun 2009*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: JBSD Unesa.
- Wiyanto, Asul. 2004. *Terampil Menulis Paragraf*. Jakarta: Grasindo.
- Wellek, Rene Ian Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.